



Si Pitit ou Bezwen yon ti kout Men

Rele FDLRS Child Find

Child Find kab ede ti pitit ou ak:

Egzamen Depistaj Child Find fè egzamen depistaj pou komunikasyon, Devlopman, vizyon, tandè ak abilite pou al lekòl. Konza, ya kab detekte pwoblèm yo pi bonè epi devlope yon plan.

Èd Child Find ede plase timoun ki gen bezwen espesyal nan pwogram edikasyon eksepsyonèl apwopriye.

Enfòmasyon Child Find bay enfòmasyon sou tout pwogram disponib yo nan kominote a pou timoun ki gen bezwen espesyal.

Si w ta gen kesyon byen espesifik sou koze pitit ou, tanpri rele Child Find pou pale ak yon nan Espesyalis Child Find yo. Yo pap JANM TOUCHE W SENK KÒB pou sèvis nou bay yo.




Florida Diagnostic & Learning
RESOURCES SYSTEM

FDLRS/REACH

(754) 321-3400
CHILD FIND (754) 321-7200
reach.fdlrs.org
Sèvis Broward



ESKANE MWEN





**Child Find bay enfòmasyon ansanm ak Egzamen
Depistaj Gratis pou timoun (ki fèk fèt jiska 5 an daj)
ki gen difikilte ak:**

- Aprann
- Wè
- Pale
- Mache
- Jwe
- Tande

Devlopman Pitit ou

Nou make anba la a yon seri de siy devlopman ki koresponn a laj ki site yo. Se yon seri de direktiv sèlman yo ye—chak timoun devlope yon fason diferan.

Nesans a 6 Mwa

- Chache kote bri a lèt
- Ri, Rele, gazouye ak moun
- Kenbe dwèt ou
- Eseye pran jwèl oswa ti tcha-tcha

De 6 Mwa a 1 An

- Trennen
- Chita poukont li
- gazouye pandan lontan
- fè ti jwet men
- Rekonèt manman li (oswa moun ki okipèl)

De 1 An a 18 Mwa yo

- Lonje dwèt sou omwen 2 pati nan kòl lè yo mandel
- Site 2 ou plis objè
- Reyaji a rantre sòti paran liyo
- Koumanse ap manje poukòl
- Mache san èd

De 18 Mwa a 2 Lane

- Bwè nan gode san èd
- Kab bali bilding 3 oswa 4 blok
- Site non 5 ou plis objè
- Kab suiv enstriksyon senp

De 2 a 3 An

- Fè ti fraz ak kèk mo
- Itilize kiyè ak fouchèt pou manje
- Kab kenbe epi fè mak ak kreyon oswa kreyon koulè
- Kab monte eskalye gliswa
- Kab idantifye kontantman, chagren, kòlè ak lapè

De 3 a 4 An

- Kab pedale bisiklèt a twa wou oswa bisiklèt “Gwo Wou” yo
- Konn al nan twalèt poukòl
- Konn konte jiska 5
- Jwe nan ti gwoup (kon pataje, tann tou pal)
- Poze kesyon kenkou “kisa”, “ki kote,” ak “poukisa”
- Sal di fasil a konprann

De 4 a 5 An

- kab voye ak atrape boul
- kab rakonte istwa ki nan liv ak foto depi komansman jiska la fen
- Kab kopye fòm senp (wondèl, kare, ak triyang)
- Fè fraz konpiè nan konvèsasyon
- Eseye ekri kek let ak non li

